# ПОЭМАЛАРДЫ ОҚЫТЫЎДА «АВТОРҒА ХАТ» МЕТОДЫНАН ПАЙДАЛАНЫЎ
### *(И. Юсуповтың «Бүлбил уясы» поэмасы мысалында)*

**Дарменов Аллаяр,**
*Әжинияз атындағы НМПИ таяныш-докторанты*

**DOI:** https://doi.org/10.5281/zenodo.18903366

***Аннотация:*** *Мақалада поэмаларды оқытыўдың усыллары туўралы айтылады. «Авторға хат» методы арқалы «Бүлбил уясы» поэмас анализленеди.*

***Аннотация:*** *В статье обсуждаются методы преподавания поэм. С помощью метода "Письмо автору" анализируется поэма "Гнездо соловья."*

***Annotation:*** *The article discusses the methods of teaching poems. The poem "Nightingale's Nest" is analyzed using the "Letter to the Author" method.*

***Tayanısh sózler:*** *Поема, методика, хат, Ибрайым Юсупов*
***Ключевые слова****: Поэма, методика, письмо, Ибрагим Юсупов*
***Keywords:*** *Poem, methodology, letter, Ibrayim Yusupov*

Поэма лирика жанрына кириўши поэзиялық шығарма. Бирақ онда эпикалық сүўретлеўлер басым болып келеди. Бул оның әпиўайы поэзиядан парқын көрсетиўши тийкарғы факторлардан сапланады. Сонлықтан оны көбинесе лиро-эпикалық шығарма деп атаў үрдиске айланған. Көпшилик түркий халықларда, соның ишинде қарақалпақларда да фольклорлық мийрас есапланған дәстанларды да лиро-эпикалық характерге ийе деў мүмкин. «Өйткени бундай шығармаларда лирикалық ҳәм эпикалық моментлер автордың ойын сәўлелендиретуғын болып реалистлик унамлы образлар арқалы биригип барады» [Ә. Пахратдинов. 2004: 179]. Мектеп сабақлықларына киргизилген поэмалар дерлик барлық жағдайда қысқартылып бериледи. Әлбетте, бул үзинди шығарманың толықлай мазмунын аңлатпаўы мүмкин. Бирақ поэмаға деген қызығыўшылығын арттырып, оны кейин ала өзи толық нусқасын изленип таўып оқыўына түртки жасаўы тийис.

Кейинги жылларда мектеп сабақлықлары жаңаланып, ондағы тематика, методикалар да өзгермекте. Әлбетте, бул заман талабы. 8-класс «Әдебият» сабақлығында [К. Палымбетов ҳәм т.б. 2025: 188] берилген Өзбекстан Қаҳарманы И. Юсуповтың «Бүлбил уясы» поэмасын оқыўшыларға оқытыў да педагогтан айрықша шеберликти талап етеди. Биз бунда оқытыўшыға жәрдем бериўши «Авторға хат» методынан пайдаланыўды усыныс етемиз. «Авторға хат» методы оқыўшылардың шығарманы анализлеп оқыўына тәсирин тийгизеди. Шығарма ўақыяларына, қаҳарманларына оқыўшы сыпатында жеке көз қарасын қәлиплестириўге, пикир айтыўына ийтермелейди. Бул усыл арқалы

бала шығарма қаҳарманларының қуўаныш пенен қайғысына шерик болады, олар менен бирге жасайды. Керек болса баланың келешекте жазыўшы, шайыр яки әдебий сыншы болыўына да түртки жасаўы мүмкин.

Бул метод көбирек сабақ ўақтында емес, үйге тапсырма есабында орынланғаны абзал. Себеби хат жазыў ушын биринши гезекте адамға тынышлық керек. Оқыўшы үйде өзи менен өзи қалған ўақытта оған жаңаша пикирлер, сораўлар келиўи мүмкин. Бул методта оқыўшыдан шығарманы оқып болғаннан соң, оның дөретиўшисине (жазыўшы яки шайырға) жеке мүнәсибет билдирилген хат жазыў соралады. Хатта төмендегилер көрсетилиўи мүмкин:

— Шығарма оқылғанда пайда болатуғын дәслепки тәсирлер.

— Авторға сораўлар (мәселен: Не ушын қаҳарманды бундай тәғдирге дуўшар еттиңиз?, Не ушын бул шығармаңыз бунша қайғылы (бахытлы), баслы қаҳарман басқаша жолды да тутыўы мүмкин еди ғой? Неге ўақыяларды баланың тилинен баян еттиңиз?

— Шығарма сюжетине усынıслар (Егер жазыўшының (шайырдың) орнында мен болғанымда мына жерин былай жазар едим, бул қаҳарманды өлтирмес едим, мынаны бахытлы етер едим, шығарманы мынадай етип жуўмақлар едим ҳәм т.б)

— Шығарманың бүгинги күн менен байланыслылығы ҳаққындағы пикирлер (Мәселен, поэмадағы урыс жыллары менен бүгинги күндеги тынышлық заманды салыстыра отырып, тынышлықтың қәдирине жетиў сыяқлы идеяларды сиңдириў мүмкин)

Бул метод оқыўшынын ойлаў шеңберин кеңейтеди, оның сөз байлығының артыўына түртки жасайды. Хат жазыў барысында автор менен ғайыбана пикирлесиў, керек болса сораў-жуўап өткериў мүмкиншилигине ийе болады. Бул бир жағынан оқыўшының жетик шахс сыпатында қәлиплесиўине тәсир жасап, басқа шығарма авторлары менен де усылай «сәўбет» өткериўге деген ықласты арттырады.

Методты төменги класс оқыўшыларына қолланыў бир жағынан оқыўшыны автордың жуўабынан үмитлендирип те қойыўы мүмкин. Әлбетте, баслаўыш класс оқыўшылары көбирек қыялға берилип, мениң жазғаныма автор не деп жуўап берер екен деп өзинше ой жүритиўи тәбийғый. Жоқары класс оқыўшылары, мәселен, биз талқыға алып отырған 8-класс оқыўшылары болса автордың (И. Юсуповтың) бул өмирден өткенин, оның жуўап хатын жазбаўын да жақсы биледи. Деген менен, олар да өзинше өз хатларына қалай жуўап бериліўин шамалаўы мүмкин. «Оқыў анализинен мақсет көркем шығарманың туўры қабыл етилиўин тәмийинлеў арқалы оқыўшыларда ийгиликли руўхый

қәсийетлерди қәлиплестириўден ибарат. [ Q. Yo'ldosh. 2022: 223] екенин оқытыўшы мудам ядта тутыўы керек.

«Авторға хат» методы арқалы оқытыўшы-педагог, ҳәрқандай шығарманы, соның ишинде көлемли шығармаларды тереӊ анализлеў мүмкиншилигине ийе. «Бүлбил уясы» сыяқлы қарақалпақ поэмашылығының бийик шыңын оқытыўда да бул усыл педагогқа үлкен жәрдемин тийгизеди.

**Пайдаланылған әдебиятлар:**

1. Ә. Пахратдинов. Қарақлпақ әдебиятын оқытыў методикасы. Нөкис. «Билим» 2004.
2. К. Палымбетов ҳәм т.б «Ádebiyat» Ташкент, Ғафур Ғулам атындағы баспа-полиграфиялық дөретиўшилик үйи. Ташкент, 2025
3. Q. Yo'ldosh. M. Yo'ldosh. O'zbek adabiyotini o'qitish metodikasi. Ташкент, Ғафур Ғулам атындағы баспа-полиграфиялық дөретиўшилик үйи. Ташкент, 2022